



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON PWOJÈ LWA POU KILTIVASYON MARIJÀN SOU KONDISYON

Pwojè lwa a bay kiltivatè pit yo nan New York chans pou yo kiltive marijàn prentan sa a

Lisans sou kondisyon yo ap akselere pwogram marijàn pou granmoun nan e li mete kiltivatè New York yo an premye

Lisans pou kilti yo ap ede garanti pwodui yo disponib pou lanse pwogram pou granmoun k ap vini an

Li gen ladan dispozisyon pou garanti egalite ak enklizyon, ak dirabilite anviwònman an

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon lejislasyon ki kreye yon nouvo lisans sou kondisyon pou kilti marijàn pou granmoun (Conditional Adult-use Cannabis Cultivator), ki etabli yon pakou pou kiltivatè pit ki te la deja yo nan New York ka fè demann pou yon lisans sou kondisyon pou kiltive marijàn nan sezon kilti 2022 a pou mache marijàn pou granmoun ki pral genyen an. Dapre lwa a, kiltivatè marijàn ki gen lisans sou kondisyon yo dwe resepkte sèten egzijans, sa gen ladan pratik kilti ki san danje, dirab e ki pwoteje anviwònman an, patisipasyon nan yon pwogram ankadreman pou egalite sosyal, ak angajman nan yon akò pou lapè nan travay avèk yon òganizasyon sendikal debònfwà.

"Mwen fyè siyen pwojè lwa sa a, ki mete kiltivatè New York yo nan pozisyon pou yo se premye moun k ap kiltive marijàn epi ki demare nouvo sektè endistri san danje, egalite ak enklizif n ap bati an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York pral kontinye trase chemen an nan bay rezilta nan angajman nou an pou pote opòtinite ak kwasans ekonomik pou chak moun New York nan chak kwen bèl eta nou an."

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Lane pase, apre anpil ane ap lite, nou te finalman pwomilge Lwa sou Règlemantasyon ak Taksasyon Marijàn nan (Marijuana Regulation and Taxation Act, MRTA), e nou kòmanse defèt konsekans devastatè ke plis pase katrevendis ane aplikasyon inegal entèdiksyon sou marijàn nan te genyen sou twòp lavi ak kominote. MRTA a garanti mache legal pou granmoun nan pral santre sou egalite ak jistis ekonomik pou kominote koulè yo ak moun ke Gè kont Dwòg la te fè plis mal yo nan Eta New York. Avèk adopsyon pwojè

lwa sa a, n ap gen chans kreye yon kòmansman responsab pou sektè endistri marijàn pou granmoun nan gras a otorizasyon pou yo bay kiltivatè pit ki genyen nan New York kounye a lisans pwovizwa sou kondisyon pou kiltivatè ak endistriyèl. Otorite sa a pral ede garanti gen ase pwodui marijàn san danje, règleman, e ki prezève anviwònman an pou reponn demann mache marijàn pou granmoun nan lè distribitè an detay yo ouvè. Yon bagay enpòtan, lejislasyon sa a egzijè yon Pwogram Ankadreman pou Egalite Sosyal (Social Equity Mentorship Program), ki pral kreye yon chemen dirab ak enklizif pou asosye yo nan egalite sosyal ak ekonomik ki enterese nan kilti ak transfòmasyon marijàn ka jwenn konesans presye ak eksperyans nan nouvo sektè endistri sa a. Lisans pwovizwa sou kondisyon ke pwojè lwa sa a otorize yo pral fini pa ede reyalize vizyon ak bi MRTA a."

Senatè Michelle Hinchey te deklare, "Jodi a se yon jou kè kontan nan New York poutèt pwojè lwa nou an pou bay kiltivatè New York yo kapasite kòmanse mache marijàn nan jwenn adopsyon. MRTA a poze fondasyon pou eta nou an bati yon ekonomi marijàn ki sikilè toutbon ki mete kiltivatè New York yo ak dispansè ti biznis yo nan sant kwasans ak pwodiksyon an, e gras a adopsyon pwojè lwa sa a, kiltivatè yo kapab mete grenn nan tè kounye a pou garanti nou reponn demann sektè endistri sa a k ap boujonnen. Mwen remèsye Gouvènè Hochul poutèt li aji vit sou pwojè lwa sa a pou nou ka kòmanse travay ap bati endistri marijàn ki pi vizyonè ak pi egalite nan pwendvi sosyal nan peyi an."

Senatè Liz Krueger te deklare, "Lejislasyon sa a se yon pa enpòtan nan garanti yon rezèv marijàn apwopriye pou mache granmoun nan epi an menm tan nan priyorez kiltivatè New York yo, nan kore pwogram ankadreman pou egalite sosyal ak ekonomik yo epi nan ankouraje pratik agrikòl k ap prezève anviwònman an. Mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè a ak Biwo Jesyon Marijàn nan (Office of Cannabis Management, OCM), epitou pou Senatè Hinchey ak Lidè Majorite Asanble a Peoples-Stokes, ki fè pwogram enpòtan anpil sa a valse."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a ak kòlèg mwen yo nan kò lejislatif la pou sipò yo bay lejislasyon enpòtan sa a pou kiltivatè pit yo nan NY. Aksyonè ki aji bonè sa yo sètènman gen konesans ak ekspètiz ki nesèsè yo pou demare mache marijàn pou granmoun nan. Yo nan pi bon pozisyon tou pou yo ankadre yon nouvo gwoup kiltivatè ak antreprenè divès ki vle antre nan sektè endistri sa a."

Prezidan Konsèy pou Kontwòl Marijàn nan (Cannabis Control Board) Tremaine Wright te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè a ak Kò Lejislatif la dèske yo kore efò nou yo pou bati yon endistri Marijàn san danje, aksesib ak estab nan New York. Lwa sa a mete kiltivatè New York yo nan premye ran pou kiltive marijàn, e moman sa a enpòtan anpil pou efò nou yo pou deplwaye pwogram pou granmoun nan. Gras a pwojè lwa sa a, n ap kontinye mete egalite ak enklizyon sou devan nan nouvo endistri marijàn n ap bati an."

Manm Konsèy Kontwòl Marijàn ak ansyen Prezidan Agrikilti Sena Jen Metzger te deklare, "Lejislasyon sa a aliyen deplwaman pwogram pou granmoun nan avèk sezon kilti natirèl la, pou pwodui ki fèt avèk marijàn ki pouse nan solèy la kapab disponib lè dispansè yo ouvè pòt yo. Mwen remèsye ansyen kòlèg mwen yo nan Kò Lejislatif la ak Gouvènè Hochul pou aksyon rapid yo, e mwen pa ka tann pou mwen travay avèk kòlèg mwen yo nan Konsèy la pou elabore yon pwogram lisans sou kondisyon ki favorize pratik kilti dirab ak opòtinite ankadreman konsekan pou egalite sosyal."

Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Marijàn nan Chris Alexander te deklare, "Mwen pa ka remèsye Gouvènè Hochul ak Kò Lejislatif la ase dèske yo ba nou zouti pou ratrape tan pèdi epi an menm tan pou kenbe egalite ak enklizyon nan sant nouvo endistri marijàn n ap bati nan New York la. Gras a pwojè lwa sa a, se kiltivatè New York yo, pa gwo kòporasyon yo, n ap mete sou devan endistri nou an pandan n ap pwoteje sante piblik gras a pwodui ki kiltive san danje. Nou kòmanse travay touswit ap aplike pwojè lwa a pou kiltivatè nou yo kapab kòmanse plante prentan sa a."

Avèk yon lisans sou kondisyon pou kilti marijàn pou granmoun, kiltivatè yo ka kiltive deyò oswa nan pepinyè pandan jiska de (2) ane apati de dat yo ba yo lisans la. Li pèmèt yo tou fabrike ak distribye pwodui flè marijàn nan san yo pa gen lisans endistriyèl oswa distribitè pou granmoun, jiska 1ye jen 2023. Kiltivatè to limite a 0.4 ekta (43,560 pye kare) vout fleri deyò oswa 25,000 pye kare nan yon pepinyè e yo kapab itilize jiska 20 limyè atifisyèl. Yo kapab separe tou ant kilti deyò ak pepinyè avèk yon vout 30,000 pye kare total maksimòm depi vout fleri pepinyè a rete pi piti pase 20,000 pye kare.

OCM nan pral elabore yon pwosesis demann lisans epi ouvè pwogram nan kou sa posib. Pou kalifye pou yon Lisans sou Kondisyon pou Kilti Marijàn pou Granmoun yon kandida dwe te yon asosye otorize nan rechèch sou pit endistriyèl pou Depatman Agrikilti ak Mache a (Department of Agriculture and Markets), ap kiltive pit pou kanabinoyid ki pa fè moun sou ki ladan an pandan omwen de (2) nan kat ane pase yo e li dwe te an règ nan dat 31 desanm 2021, lè pwogram rechèch la te fini.

Moun ki gen lisans la dwe patisipe tou nan yon pwogram ankadreman pou egalite sosyal kote y ap bay fòmasyon sou kilti ak transfòmasyon marijàn pou asosye nan egalite sosyal ak ekonomik yo, pou prepare yo pou wòl yo ta ka genyen nan sektè endistri an. Kiltivatè yo ap gen pou respekte egzijans dirabilite tou pou garanti marijàn nan kiltive yon fason ki prezève anviwònman an.

Aksyon Gouvènè a jodi a kontinye travay rapid ke li ak OCM nan te antreprann pou pote nouvo endistri marijàn lan nan New York. An janvyè, bidjè egzekitif Gouvènè a te pwopoze yon pwogram 200 milyon dola ki pral sèvi ak frè ak revni lisans nan endistri an pou ofri sipò pou kandida ki kalifye yo nan kominote ki te touche ak kriminalizasyon egzajere marijàn pandan entèdiksyon li an. Gouvènè a ak Kò Lejislatif la te aji rapidman tou pou nonmen dirijan yo nan Konsèy Kontwòl Marijàn nan ak nan OCM lan nan kèk semèn apre kòmansman administrasyon yo an. Depi premye reyinyon Konsèy la nan dat 5 okt., OCM nan:

- Lanse Pwogram Pit Kanabinoyid la (Cannabinoid Hemp Program), epi mete anplas pwoteksyon pou piblik la ak kondisyon pou ede biznis CBD New York yo fè konpetisyon;
- Elaji anpil aksè a Pwogram Marijàn Medikal la (Medical Cannabis Program), sa gen ladan bay pwofesyonèl medikal yo mwayen konnen si marijàn medikal kapab ede pasyan yo, bese kou yo gras a anilasyon pèmanan frè pasyan yo ak otorizasyon vant flè antye a, epi ogmante lis founisè ki kapab sètifye pasyan yo; epi
- Lanse premye vag evènman sansibilizasyon pou kominote a avèk 11 evènman reyonal, sa gen ladan youn an panyòl, ki deja angaje plis pase 5,000 patisipan; epi
- Devlope yon filyè pwofesyonèl plen talan pou yo antre nan ekip Biwo k ap agrandi an epi li bati enfrastrikti pou kore biwo a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)